## yelleefi way-jur ak Kaaràngey doxalin

sudee nanguwuloo ci ndogal binu j5l ngir sa xereñteef ngir fay wala sa bokkub pay bu way-jur, am nga bépp yelleef bu nekk ci Téerey Yelleefi Way-jur bu Early Intervention.

Lii ëmb na yelleefu bind ab kayitu ñaxtu ak Departëmaa bi yore Xale yi ak Ndaw ñi wala jëfandikoo ab lijjantikatu jafe-jafe.

Mën nga itam laaj ab saytu ci laaj sa jokkolekatu serwiis bu EI ngir mu j4ppale la nga joge ab laaj bunu bind ngir xoolaat ci ci 30 fan dale ko ci waxtu bi nga jotee yëgle bi ngir m5n a fay wala sa way-jur jàppale la ci:

Early Intervention bu ohio,
Ohio Department of Children and Youth
P.O. Box 183204
Columbus, Ohio 43218

Bokk na ci ay firnde ci sa mën a fay ndogalu sa xereñteefu fay wala sa njëgu bokk matul ak lan ngay joxe ngir saafara. Departëmaa bi dina génnee ab ndogal bunu al bind ci 20 fan dale ko bi nga jotee sa laaj ngir xoolaat.

Department of Children & Youth

Help Me Grow Early Intervention

# TËRALINU PAYOOR YI



Sàrtu njàngum Nit ñi ame Laago wala IDEA, dafay waral yenn serwiis ak yëngu-yëngu yu Early Intervention (EI) dañu leen war a jot way-jur yi te du am benn fay. Gis xale, xayma ak saytu, yokkuteb palaŋu serwiisu bu ku ne ci njaboot gi (IFSP), kaaràngey doxalin, ak jokkole serwiis dañuy jot xaalisu nguur ak way-jur yi duñu fay dara.

soxla yeneeni serwiisi EI[1] danu koy dogal jaare ko ci tëralinu ekibu IFSP bi. lu tolloo ak 100 units[2] bu yiile serwiisi EI yunu dolli danu leen di jot ci atum IFSP bu ne[3] way-jur yi duñu fay dara ci bépp xale bu bokk. yiile serwiis yunu finaase jaare ko ci xaalisu nguuru Amerig , dëkk wala gox, bokk na ci asiraansu xale ak way-jur, su way-jur bi nangoo.

Laata ndajem IFSP bu njëkk, ab jokkolekatu serwiis bu EI dina leeral sàrtu tëralinu payoor bu ohio (ohioearlyintervention.org/federal-and-state-regulations) ak, ak yaw, jël ndogal ndax yaay yenu xaalis binu soxla ci serwiisi yu ëpp 100 units yu finaansmaa bu nguur ci atum IFSP bi.

Doo yenu benn xaalis bu serwiisi EI

- sudee yaw wala sa doom dangeen a bindi ci WIC wala Medicaid bu Ohio,
- sudee sa payooru njaboot dafa yées wala mu tollo ak Healthy Start bu Ohio[4] bokkub xale yu amul asiraans,
- wala sudee sa njaboot mu ngi dund ay depaansu wergi-yaram yu tar ci atum IFSP bi.

Sa jokkolekatu serwiis bu EI dina leeral xeet yiile. Sudee amuloo xaalis bi wala nga tànn bañ a seddoo sa xibaaru xaalis, serwiisi EI yi ci yokku kese ngay fay su ëppee 100 units ci IFSP at mi. Sa jokkolekatu serwiis bu EI dina la wax naka la finaasëmaa EI di doxee ak tànneef yi nga am ni IFSP bi yokkoo.

niki bokk nga ci sa ekibu iFSP bu doom, dangay jàpp ci jel ndogal yan serwiis ak ñaata ci bépp serwiis boo soxla ngir njureefi IFSP. Sa jokkolekatu serwiis bu EI dina liggéey ak yaw ngir jokkale serwiis yinu soxla ak finaansëmaa niki sa IFSP yokku na te soppeeku na.

1 Yeneeni serwiisi early intervention ëmb nañu: ojologie, njumtukaayi xarala yuy jàppale ak serwiis, njàng mu baax, ergotherapy, pajum yaram, pajum waxu làmmiñ ak yeneen ni nu ko soxlaa ngir jot njureefi IFSP.
2 Ab unit moo tolloo ak benn waxtu serwiis 100$ depaansu njumtukaayu xarala buy jàppale. Pàccu wxatu wala dollars mën nanu ko jëfandikoo ci tolloole ab unit, niki ngogal bu jóge ci ekibu IFSP
3 Atum IFSP mooy at mu t4mbalee ci bés bu njëkk binu xaatimee IFSP bi, ak njéexitalu bés bi laata nuy xaatim IFSP bi ci at mi ci topp.
4 yeneeni xibaar ci Healthy Start bu Ohio jàppandi nañu ci: https://ohioearlyintervention.org/system-of-payments

Department of Children & Youth
Mike DeWine, Governor
State of Ohio

Kara B. Wente, Director
Departëmaa bi yore Xale yi ak Ndaw ñi
(Department of Children and Youth)
(Rev. 07/2024)

Këru liggéeyukaay bille du def xajj ak seen ci joxe ak jël liggéeykat.

# FAY SERWIISU EARLY INTERVENTION

Sa jokkolekatu serwiis bu EI dina leeral sàrtu tëralinu payoor yu ohio (ohioearlyintervention.org/federal-and-state-regulations) te dina la jox ab kayitu sotti bu sa laaj. Sàrt leeral na say tànneef ci fay serwiisi EI ak nangub way-jur bi war laata nu lay fayeeku serwiis yi.

sa jokkolekatu serwiis bu EI dina xoolaat yan serwiis ñoo jàppandi ci sa doom te du fay, ak yan serwiis nga mën a fay. Sa jokkolekatu serwiis bu EI dina leeral ne soxla nanu sa nangu laata ngay mën a fay sa asiraansu nguur wala bu ber ci serwiisi EI ak sa yelleefu def apel ci bokk ak ndogali payoor yi.

## Jëfandikoo asiraans bu beru

Nu koy faral di joxe jaare ko ci liggéeykat yi, sendikaa yi wala yeneeni mbooloo, asiraans bunu ber mooy bépp asiraans bu bokkul ci nguur wala porogaraam yi melni Medicaid wala Medicare.

Danga war a joxe sa nangu laata nga mën a jëfandikoo sa asiraans bunu ber ngir say serwiisi EI. Sa jokkolekatu serwiis bu EI dina leeral njëg yi nga mën a jëfandikoo sa asiraans bunu ber ngir fay say serwiisi EI, bokk na ci njëg yi am diir bu yàgg wala ab ñàkkub ndàmpaay nga weesu limu kiirlaayu at wala ngiiru dund.

Soo nangoo, dinga wéy di fay sa asiraans waaye sa asiraans du fay payoor yi nga bokkoo wala nu mën cee dindi 100 units yi njëkk serwiisi EI.

Soo amee asiraans bunu ber te jël nanu ndogal ne mënuloo yenu xaalisu serwiisi EI, doo fay bépp payoor boo bokkoo wala bunu më a dindi dara.

Sa jokkolekatu serwiis bu EI dina la laaj sa nanguwaat saa su ne su amee yokkute ci lim bi, diir gi, wala njariñu serwiisi EI ci sa IFSP.

## Jëfandikoo asiraansu nguur

Medicaid nekk na ab porogaraamu asiraans bu nguur. Su ak nit bindoo ci Medicaid, amul benn fay ci serwiisi EI, wala ndàmpaayy, bokko fay wala bunu mën a dindi ci serwiisi EI.

Jëfandikoo Medicaid, amul benn risk soo dakkalee sa mbindu ci ndàmpaay yi wala fomb serwiis yi, wala nga wàññi sa kiirlaayu dund bu jàppandi wala bébb ndàmpaayi asiraans.

sa jokkolekatu serwiis bu EI dina la laaj sa nangu ngir seddoo sa turu doom ak sa nimero Medicaid ak Departëmaa bi yore Medicaid ci Ohio ngir defar faktiir. Soo nangoo, mën nga fomb sa nangu.

## Asiraans bu beru ak bu nguur

Soo amee ñaari asiraans yépp bu beru ak bu nguur, doo yenu xaalisu serwiisi EI.

sa jokkolekatu serwiis bu EI war na la laaj sa nangu laata muy dugg ci sa asiraans yépp bu beru ak bu nguur suy defar faktiiri serwiisi EI.

## Kaarànge ci yaw

serwiisi EI dunu ko tardeel wala nu bañal ko ab xale bunu jël te amul liile:

- nangub way-jur ngir jëfandikoo asiraans bunu ber bu xale bi wala way-jur ngir fay serwiisi EI
- mbindub way-jur wala xale bi ci ci porogaraamu asiraans bu nguur; wala
- nangub way-jur ngir seddoo sa xibaaru ràññee bu doom ak porogaraamu asiraans bu nguur.

Tëralinu EI bi du laaj ab xale wala way-jur mu bindu ci porogaraamu asiraans bu nguur wér ko ci jot serwiisi EI, waaye dina seddoo xibaar ci tëralinu mbindu ci poragaraam yooyu. Tëralinu EI bi du laaj ab xale wala way-jur mu bindu ci porogaraamu asiraans bu nguur wala jëfandikoo asiraansu nguur bu xale wala way-jur ngir fay serwiisi EI sudee xale bi wala way-jur wi bindoogul ci porogaraamu asiraans bu nguur .

Sooy jëfandikoo asiraansu nguur bu xale wala way-jur ngir fay serwiisi EI, tëralinu EI bi:

- nangub way-jur bu njëkk wala bi ci topp ngir siiwal xibaari ràññee bu sa doom ci porogaraamu asiraans bu nguur ngir defar faktiir;
- dina def ba serwiisi EI yi jàppandi ci IFSP bi fu way-jur bi nangoo.

Su way-jur wi mënula fay, jëlub xale bi dinanu ko jox bépp serwiis bunu soxla ci IFSP bu amul fay ci xale bi ak njaboot gi, bokk na ci yooyu serwiisi EI yu ëpp 100 units ci atum IFSP.

Way-jur yi mën a fay dinañ yeny pay mi njëgu serwiisi EI su ëppee 100 units, bokk na ci asiraans bu beru ngir saafara njureefi IFSP, bokku ci serwiisi EI yu amul njëg.

Kenn du yenuloo ab way-jur lu ëpp njëgu serwiisi EI (ci bépp lim bunu jot bu joge ci yeneeni barab ngir payooru serwiis yooyu).

Ab xale wala way-jur ak asiraans bu beru wala bu nguur du yenu lu ëpp lu woroo bu xala wala way-jur bu amul asiraans bu beru wala bu nguur.

Kenndu tardeel serwiisi EI wala fomb bokkub xale bu way-jur wi mënula fay serwiisi EI.